

Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: KONDUIT PWOFEZYONEL	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 1
-------------------------------------	---------------------------------------	--------------------------	------------------

OBJEKTIF

Objektif politik sa a se pou bay yon pwosesis pou idantifye epi abòde konpòtman epi pou rezoud enkyetid ak konfli enpòtan nan espas travay la ki jwenn revandikasyon nan men yon anplwaye ki kreye yon anviwònman travay ki malsen oswa ki entèfere ak konduit nan lòd biznis lan.

POLITIK

Cleveland Clinic angaje pou bay yon anviwònman travay pwofesyonèl ki ankouraje travay ekip, echanj lide nan tout libète, ak yon apwòch kolaboratif pou rezolisyon - pwoblèm. Se politik Cleveland Clinic pou abòde yon konpòtman twoublan ak entimidan ki kreye yon anviwònman travay ki malsen epi ki entèfere ak konduit nan lòd biznis lopital la gras ak dispozisyon politik sa a ansanm ak politik Kont Diskriminasyon, Asèlman, oswa Vanjans lan.

SIPEVIZYON AK RESPONSABLITE

Resous Zimèn responsab pou devlopman ak revizyon politik sa a. Administratè yo nan kolaborasyon ak Resous Zimèn, responsab pou ankèt plent sou konpòtman twoublan ak pou detèmine mezi apwopriye ak/oswa korektif lan. Anplwaye ak Administratè yo responsab pou rapòte ensidan konduit yo pèsevwa kòm twoublan, kèlkeswa idantite oswa pozisyon koupab la.

DEFINISYON

Konpòtman Twoublan, pou objektif politik sa a, defini tankou yon konpòtman ki entèfere ak konduit nan lòd biznis lopital lan, tankou konpòtman ki entèfere ak kapasite pou lòt moun fè travay yo nan fason efikas oswa diminye konfyans pasyan nan lopital la oswa yon manb ekip swen sante a.

Pou objektif politik sa yo, Konpòtman Twoublan an gendwa aksantye yon latriye konpòtman ki sibtil oswa ki pa sibtil tankou men ki pa limite ak: langaj deplase oswa derespektan; kòmantè oswa konpòtman degradan oswa rabesan, tankou rele moun non; kòmantè seksyèl oswa ensinyasyon; touche inapwopriye, seksyèl oswa lòt; blag rasyal oswa etnik; gwo kòlè, ki gen ladann voye enstriman jete, grafik oswa lòt objè; kòmantè oswa kritik k ap diminye konfyans yon pasyan nan moun k ap ba li swen yo oswa lopital la; kòmantè k ap diminye konfyans moun k ap bay swen an nan tèt li nan swen l ap bay pasyan yo; konpòtman entimidan ki genyen kòm efè sipresyon done lòt manm nan ekip swen sante a; retisans oswa refi pou reponn kesyon oswa retounen apèl oswa bip yo; epi dosye medikal inapwopriye konsènan kalite swen lopital lan oswa yon manm ekip lan ap bay.


PWOSEDI

Aplikasyon

Politik sa a aplike pou tout anplwaye, kit li anrapò ak konduit anplwaye ki nan pòs sipèvizyon ak administrasyon yo angaje ladan yo oswa kòlèg yo.

Politik Kominikasyon

Yo pral kominike tout anplwaye yo politik sa a nan moman yo adopte li epi bay nouvo anplwaye yo lè yo anboche yo.

Dat Efektif: 22/12/2008 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 22/12/2008	Moun ki Prepare li a: Jill Patterson	Apwobasyon:  J. Patrnochak	1 sou 2
---	---------------------------------------	--	---	---------

Politik ak Pwosedi Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: KONDUIT PWOFESEYONEL	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 1
--------------------------------------	---------------------------------------	--------------------------	------------------

Rapòte yon Ensidan Konpòtman Twoublan

Kote sa fezab, anplwaye ki kwè yo te viktim yon Konpòtman Twoublan ankouraje pou yo angaje yon konvèsasyon prive san konfwontasyon anrapò ak konpòtman an ak moun ki koupab la. Souvan aksyon sa a sèlman ka rezoud pwoblèm nan. Cleveland Clinic rekonèt sepandan, gen endividi ki gendwa prefere kontinye zafè an nan pwosedi plent fòmèl yo.

Cleveland Clinic sipòte sou ensidan yo wè ki sanble Konpòtman Twoublan, kèlkeswa idantite koupab la oswa pozisyon li. Endividi ki kwè yo te viktim konduit sa yo oswa ki te temwen konduit konsa ta dwe rapòte sa bay sipèvizè yo oswa si sipèvizè a se koupab la, bay yon reprezantan Resous Zimèn. Nou ankouraje anplwaye yo rapòte ensidan Konpòtman Twoublan yo sispèk pi rapid sa posib piske rapòte sa bonè ak entèvansyon pral metòd ki pi efikas pou rezoud plent kont Konpòtman Twoublan an.

Ankèt ak Plent

Pou nenpòt akizasyon sou Konpòtman Twoublan yo rapòte gen bon jan ankèt avèk swen ki pral mennen sou li byen vit. Ankèt sa a gendwa genyen ladann entèvyou endividyèl ak pati ki enplike yo epi, kote sa nesèsè, ak endividi ki gendwa te obsève swadizan konduit oswa ki gendwa gen lòt konesans enpòtan.

Y ap kenbe konfidansyalite pandan pwosesis ankèt lan nan nivo sa konfòm ak bon jan ankèt epi aksyon korektif ki apwopriye.

Aksyon Korektif

Konpòtman Twoublan nan yon konfli dirèk ak misyon epi valè òganizasyon an donk nou p ap tolere li. Responsab aksyon korektif la gendwa genyen, pa egzanp, fòmasyon, ankadreman oswa lòt koreksyon, referans pou evalyasyon ak/oswa konsèy, reatribisyon ak/oswa aksyon korektif (gade politik Aksyon Korektif lan) rive nan revokasyon, jan sa apwopriye selon sikonstans yo.

Nou pran fo ak move deklarasyon sou Konpòtman Twoublan seryezman epi nou gendwa pran aksyon korektif apwopriye kont sa.

Deklarasyon pou Pa Fè Vanjans


Cleveland Clinic entèdi vanjans kont nenpòt endividi ki swa depoze yon plent nan tout bòn fwa anrapò ak yon akizasyon konpòtman twoublan oswa ede nan ankèt yon plent konsa.

BIWO K AP PIBLIYE A

Relasyon Anplwaye, Resous Zimèn

REFERANS POLITIK YO

Aksyon Korektif
Non-Diskriminasyon, Asèlman, oswa Vanjans

Dat Efektif: 22/12/2008 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 22/12/2008	Moun ki Prepare li a: Jill Patterson	Apwobasyon:  J. Patrnochak	2 sou 2
---	---------------------------------------	--	---	---------